



**Konferans Latinoameriken ak Karayibeyen Relijye Yo / CLAR**  
*“Ann kouri soti pou rankontre lavi a”*

Bogotá, D.C., 17 Oktòb 2017

**III SEMINÈ SOU CHANJMAN SISTEMIK LA**  
Pòtoprens – Ayiti, sòti 9 rive 12 Novanm 2017

**KONVOKASYON**

Nan fason pou n rann pi efektif Plan Global Konfederasyon Karayib ak Latinoameriken an te trase pou twazan soti 2015 rive 2018 la, epi nan volonte pou n kontinye ak prosesis pou akonpaye, fòtifye ak administre èd solidè yo nan retabli relasyon ant fanmi yo ak sosyete a an Ayiti, kòm manm Legliz pòv yo, depi pòv yo, ansanm ak pòv epi pou pòv yo, a pati enstriman Chanjman Sistemik yo (CS), n ap envite nou patisipe nan Seminè sa a kap fèt depi 9 pou li bout jou k ap 12 novanm lan nan lane sa a, nan Pòtoprens.


Seminè sa a ap fèt lakay Sè Dominikèn Laprezantasyon yo, nan Santo 19/ Lilavwa 62, kay sa a gen plas pou 60 moun konsa. Se poutèt sa a n ap bay moun ki te patisipe nan 2 premye seminè yo priyorite, an menm tan tou nou pap refize moun sila yo ki te yon fason oubyen yon lòt fason te montre interè yo pou Seminè sa a, paske yo ap travay ak kouch moun vilnerab yo, sila yo ke movè lavi vin rann yo pi pòv an Ayiti.

Se Komisyon Chanjman Sistemik CHR la k ap òganize Seminè sa a ak apwi Komisyon CS-Clar la; Se 2 Komisyon sa yo ki an menm tan tou ap responsab ansanm akonpayman lojistik Konferans kap resevwa nou an, sa vle di CHR.

Pri Seminè a se \$ 200 dola US, Clar ap mete 75% montan sa a epi patisipan yo ap peyè sèlman 25% pri seminè a se vle di sèlman \$ 50 dola US.

Ansanm ak invitasyon sa a, wap jwen n yon fich enskripsyon ke ou dwe ranpli san ou pa kite espas vid, epi tou w ap voye fich sa a tounen bay nou anvan dat 30 oktòb la, nan adrès elektronik sa a [seminarios@clar.org](mailto:seminarios@clar.org), epi voye yon kopi tou sou [clarsec@gmail.com](mailto:clarsec@gmail.com) ak [ccs.chr19@gmail.com](mailto:ccs.chr19@gmail.com)

Se pou Manman Mari Lavizitasyon an, kominike nou fòs kouraj ki ap fè nou aji pi vit ak kapasite pou nou rankontre youn ak lòt, pou nou ka pouse pi devan tankou yon Lavi Relijyèz ki fè rankont ak Lavi a (Orizon Enspiratè 2015-2018).

  
**Sè Luz Marina Valencia López, STJ**  
Secretè Jeneral